


MHEDZISO

 Hazvingoitewo here chimwe chinhu kwamuri? Zvechokwadi zvine zvazvinoita. Ngatikotamei zvino mumunamato.

² Ishe, sekuratidzwa kwazvaitwa kwatiri murwiyo urwu rwakanakisa, *Muri Mukuru Sei*, uye tinofunga, mangwanani ano, taizoita sei dai manga musiri iMi! Uye tikafunga kuti Muri mukuru kwazvo, zvakare rudo rweNyu rwakaKugombederai kuti mufunge kwazvo nezvedu, ipapo mweya wangu uniota seuchataadza kuzvigamuchira. Ichokwadi. Ndinonamata kuti Mugotiropafadza nhasi, zvino patiri kuenda mberi mushumiro, kuti Mutimedurire Chingwa cheHupenyu, chinova chizaruro chaKristu. Nokuti tinozvikumbira nemuZita raJesu. Amenii.

³ Hama Ungren vanogara vachiuva pano patabhenakeri. Uye vanogara kuMemphis, Tennessee, ivo naamai vavo, mudzimai vavo. Uye mhuri yacho yose inouya patabhenakeri. Uye kashoma kuti ndivanzwe, nekuti panogara paine basa rakawanda rekuita, asi mangwanani ano ndanga ndakatsunga moyo kuvanzwa vachiimba rwiyo urwu. Vanoimba rumwe futi, rumwe rwedzandinofarira, *Akadzika Kubva Mukubwinya KwaKe*. Nedzimwe dzacho inziyo dzepamoyo pangu. Uye ndave nemukana mukuru wekusangana nababa vavo, mangwanani ano, nguva yokutanga yandawana mukana iwoyo, murume akaisvonaka. Uye—uye Hama Ungren, baba vavo, hava—havatomboendi chero bedzi mwanakomana wavo achiri mupenyu, Morris, nekuti chokwadi vanotaridzika zvakafanana.

⁴ Uye mudzimai wavo, amai veHama Morris Ungren, vakararama makore gumi namashanu apfuura aya nenyasha dzaMwari. Vakava zvirokwazvo kufemera kukuru kwandiri, kungoona izvozo; vachipfuura nemunguva dzerima dzavanadzo, asi zvakadaro vakabatirira paruoko rwaMwari rwusingashanduki. Zvinoratidza kwatiri huchokwadi hweChikristu, uye nekutenda kweavo vanozvitenda. Saka, ndinofara kwazvo nekuda kwaizvozo mangwanani ano.

⁵ Tichangobva kuva nemuchato, mukamuri yezasi. Vaviri vevana vangu vachangobva kuchata, uye vana vangu vanobva patabhenakeri; Billy Simpson wedu mudiki nekasikana kekwaMyers, vanga vachidanana kwenguva yakati kuti; Sharol, hongu. Vanga vari. . . Ivo ihamawo pano, kana kuti Sharol Myers mudiki ari, kuna Hama Ungren nevamwe. Saka, isu tinofara navo, ndiri kuona vatora nzvimbo yavo, mushure mekuchata, vadzokera muodhitoriyamu yechechi chaimo, ndokugara pasi kuti vateerere kushumiro. Vana ivava vagara vaine nzvimbo yakadzama mumoyo mangu, nekuti vanoremekedza Shoko

zvikuru. Va—vanongonyatsoda Shoko. Handifungi izvo kuti, nekuti ndinovadaidza kuti vana vangu, handifungi kuti vari nani kupfuura vamwe vana. Asi vanotarisa kwandiri, uye ndi—ndi—ndinotarisa kuna Mwari nekuda kwavo.

⁶ Billy mudiki aida kuroora, zvino aitya kuti aitozofanirwa kuenda kuchiuto. Uye paiva nevaviri kana vatatu vavo vaive muchinhanu chimwe chetecho. Zvino vakomana ivavo vakauya kwandiri, vakati, “Hama Branham, isu—isu hatidi kuva tinonzvenga kana chero chinhu, asi tinoda kuti imi mukumbire kuna Mwari.” Uye vakandipa chikonzero chekuti sei vangada kugara kure nechuiro, kana vakakwanisa; kwete nokuti vaisada kudzivirira nyika, mune chero chinhu chavaigona kuita. Asi nyaya yacho yaive, yekuti kana ivo—kana ivo vakaenda, vaizopinda pakati pemhando yevanhu vasirivo kunze uko mune zviya (handizive kuti munozviti chii) maPX, kana chero zvamunozvidaidza, zvino vanochoenda kunze uko kune vakadzi vasina kusimira zvakanaka vachingoenderera. Haisi nzvimbo yemukomana weChikristu, saka Mwari vakavapa chikumbiro chavo.

⁷ Uye zvino Billy mudiki auya mangwanani ano, kuzochata naSharol mudiki uyu akaisvonaka, saka tinofara nekuda kwavo. Uye tinovashuvira zvakanakisisa zvacho muHumambo hwaMwari, kwavari.

⁸ Uye zvino iyi yange iri nguva yakanakisa kwatiri. Tine kirasi yeSunday school yakanakisa pano mangwanani ano, chechi yakazara, saka tiri kufara zvikuru. Uye nguva zhinji, vashumiri, zvi—zvinotikurudzira kuona vanhu vachiuya kuzokunzwa. Nekuti, munoonu, haudi kutaura nezvigaro zvisina vanhu, nokuti vano . . . Tinongotaura zvakangofanana kunyangwe paine munhu mumwe chete pano. Asi zvakadaro zvine manzwiro akanaka kufunga kuti, “Kana *uyu* akazvipotsa, mumwe uyo achazvibata.” Maona. Uye zvinozviita kuti zvisiyane, zvinozviita kuti zvibwinyiswe.

⁹ Uye zvino, muhurukuro dzepakavanda zvino izvi, ndidzo idzi, kana tikakwanisa kupinda madziri nekukasika.

¹⁰ Ndasangana neHama Boutliere pandabuda, uye ndanga ndisati ndambovaona kubva pandakauya. Ndikati, “Manga muri kupi?”

Vakati, “Ndanga ndichivagadzirira garikuni rekudya kwemasikati.”

Saka ndanga ndichivaudza kuti ndati dererei pahuremu. Vakati, “Imimi?”

Ndikati, “Imi hamuna kuchinja kana nepadiki.”

Vakati, “Kana nemiwo hamuna.”

¹¹ Ndikati, “Kutaura kwechikuru uku.” Ndikati, “Asi, unoziva, ndadzikira. Ndakabva pazana nemakumi manomwe ehuremu,

kusvika pazana nemakumi mana nemashanu, saka chokwadi ndashanduka.” Masutu angu ese, zvekare, akurisa zvishoma kwandiri. Uye pane mumwe munhu achangobva kundiwanira imwe rimwe zuva, kuti ndigone kuipfeka ndiri zasi kuno; iyo isingarembere pamapfudzi, uye isina kukurisa muchiuno.

¹² Asi ndiri—ndiri kuedza kuitira Jesu Kristu zvakanakisa nepandinogona napo ndichine mukana wekuzviita. Uye kuuyawo kwenyu kwakanakisa!

¹³ Ndanga ndichitaura mukamuri umo izvozvi, ndaona Mweya Mutsvene mukuru uchibvisa kenza pamuviri wemudzimai, imomo chaimo. Mu—mudzimai anobva kuTexas. Uye mumwe mudzimai agara imomo, wekuti handisati ndakamboona mumwe munhu anohuta-huta angamudarika, mudzimai wemushumiri, nguva shoma yapfuura. Uye Ishe vandiratidza chiratidzo chake akagara ipapo, zvino ndamuona. Akafona ari kuNew York, uye aida kuverevedza achiuya kuno. Anga aine maminiti mashanu chete, ndikabva ndaona murume wake achirwara neronda remudumbu, uye chakakonzera ronda racho kwaiva kubatikana kwake nemudzimai wake. Mwari Samasimba, vanyaradza mudzimai uyu akagara ipapo. Akagara, akanditarisa iko zvino. Saka, uye zvakare ndinoda kukuudzai, hama, ronda renyu rapera. Maona? Hongu, muchapora zvino uye modzokera kubasa raShe.

¹⁴ Zvino, kana ukaona chimwe chinhu chaitwa naShe, ha—haugone kufinhikana nacho. Unongoda kuramba uchienda, uchienda, uchienda, uchienda.

¹⁵ Uye, zvino, manheru apfuura takava neshumiro huru yemunamoto, uye zvakarurama, zvakanakisa. Kuisa maoko pamusoro pevanorwara, chinhu chakanaka. Ndizvo chete zvazvinotora, dzimwe nguva. Uye kwoitawo vamwe vekuti kune chimwe chinhu seri uko, chekuti ivo—ivo havagone kuchibata, uye unofanirwa kutora munhu iyeye woona kuti chimbori chii. Munooona, pane chimwe chinhu chiri kuvadzivisa, chimwe chinhu chigere munzira. Uye kamumvuri kadiki kamwe chete kanochitandira kure.

¹⁶ Zvino, mudzimai mudiki umo nguva shoma yapfuura, anga achihuta-huta kwazvo, asina kugadzikana zvakananyanya. Munhu mudiki anonzvisa urombo, anga asisagone kana kunyatsofema zvakanaka. Anga achingoti, “*femu, femu,*” uye achingo—achingoenderera mberi, maona.

¹⁷ Zvino, chinhu chaunofanira kuita. Hechinois chezviri mukati zvishoma, maona. Kubata mweya wake. Maona? Uye ipapo iwe uri kuisa maari pfungwa yako chaiyo. Maona? Uye iwe unoshandura mafungiro ako. Maona? Zvino kana zvaro, ipapo unogona kumunangisa pana Kristu, zvino kubva ipapo anogona kuchipfuirira mberi. Asi unofanira kushandura mafungiro ake, maona. Haakwanise kuashandura pachake ega.

Anongorasika pfungwa, uye unotofanirwa kuzvinhonga izvozvo. Zvino pane chimwe chinhu chidiki chinokupa kumwe... Usaedze kuzvidzidza; usadaro. Chingozvitenda woenderera mberi.

¹⁸ Ko mwana mudiki uya, akanga akarara uko mumaoko aamai vava, akanga afa kubva na nine o'clock mangwanani iwayo, uye kwave mukati mehusiku husiku ihwohwo, mweya mudiki iwoyo waiva uri kupi? Unofanirwa kuenda kunotsvaga mweya iwoyo woudzosa. Uye kana wauona uchidzoka, ipapo unogona kusimuka nemuZita raShe woudana. Munoono, ipapo zvinobva zvaitika. Asi kusvikira waita izvozvo, unenge uchingotambisa mweya wako, munoono.

¹⁹ Hapana—hapana chinonyanyoshamisa pazviri. Kutsvaga Mwari, kuzvibvisa iwe pachako munzira wobva watendera Mweya Mutsvene kukushandisa kune chero chipi chaAnoda kuita. Ndizvozvo. Chinhu chikuru, chechipo chipi zvacho, kuisa pfungwa dzako iwe kure, worega Kristu. Zvino chero zvaWataura, kana uchida kuziva kuti ndiKristu here kana kuti kwete... Kangori kakutekenyedzwa bedzi, zvisiye zvakadaro. Asi kana angori manyawi chete, siyana nazvo. Asi kana zvakanyorwa muShoko, saka ndiMwari. Gara uchienzanisa nguva dzose, neShoko, zvaunoudzwa nechero mweya. Shoko, usambofa wakabva paShoko iroro; kana ukadaro, watorasika.

²⁰ Zvino, tisati tagara kusvika masikati, tichingotaura saizvozvo, ngatingovhurai muBhaibheri tiverenge mamwe Magwaro pano. Uye ipapo tichazo... Ndinoda Shoko raMwari. Ndinoziva kuti tese tinorida. Iye zvino ndanga ndisina...

²¹ Ndanga ndiri kuzoparidza, mangwanani ano, kana kuti kutaura, ndodzidzisa Sunday school, pamusoro pezvakavanzika zvaMwari zvakavanzwa kubva pamavambo enyika, zvichiratidzwa muna Jesu Kristu. Uye ini handina kuwana mukana wekupedzisa zvese. Ndakakanganwa nezvemuchato wanga uchiuya, saka ini—ini dzimwe nguva ndinogona kuzozviwana panguva inotevera ndadzoka.

²² Iye zvino ndichaverenga mamwe kubva pane nzvimbo nhatu muBhaibheri. Rekutanga, ndinoda kuverenga kubva kuna VaFiripi 1. Chitsauko 1 chaVaFiripi, kutanga nendima 19, uye kuverenga zvakare kusvika pa 22.

Nokuti ndinoziva kuti izvi zvichashandukira kuruponeso rwangu nokuda kwokunyengetera kwenyu, uye nokupiwa kwoMweya waJesu Kristu,

Maererano nezvandinotarisa zvikuru uye netariro yangu, kuti hapana chimwe chinhu chandinganyarira, asi kuti zvino nokushinga kwose, sapanguva dzose, saka zvino Kristu zvakare acharatidzwa mumuviri wangu, zvichida nehupenyu, kana nerufu.

Nokuti kwandiri kurarama ndiKristu, uye kufa ipfuma.

Zvino kana ndichirarama panyama, izvi ndizvo zvibereko zvokubata kwangu: asi izvo ini...handizivi chandichasanangura.

²³ Zvino umo muBhuku raVaRoma. Uye tinoda kutangira pachitsauko 8 chaVaRoma, nendima 35, kuvakira pane zvandinoda kutora sechidzidzo.

Ndianiko uchatiparadzanisa nerudo rwaKristu? kutambudzwa, kana kushushikana, . . . kutambudzwa, . . . nzara, kana kushaiwa zvokufuka, . . . njodzi, . . . munondo here?

Sezvazvakanyorwa zvichinzi, Nokuda kwangu tinouraiwa...zuva rose; tinoverengwa semakwai anobayiwa.

Kwete, pazvinhu zvole izvi tiri vakundi nokupfuurisa kuburikidza naiye wakatida.

Nokuti ndinoziva kwazvo, kuti kunyange rufu, kana hupenyu, kana mutumwa, kana ane simba, kana simba, kana zvinhu zvazvino, kana zvinhu zvinouya, kana . . .

Kana kwakakwirira, . . .kwakadzika, kana chimwe chinhu chakasikwa, hachingagoni kutiparadzanisa norudo rwaMwari, rwuri munaKristu Jesu Ishe wedu.

²⁴ Muna Mabasa 2, uye ndima 30:

Zvino zvaakanga ari muporofita, achiziva kuti Mwari wakamupikira nemhiko, kuti mumwe wezvibereko zvechiuno chake, panyama, achazosimudza Kristu kuti agare pachigaro chake choushe;

²⁵ Zvino aya Magwaro akawanda, sekutenderera kubva pane imwe nzvimbo kuenda kune imwe, muBhaibheri. Asi tinoziva kuti, kana Rugwaro urwu rwakawanda rwaverengwa, tichawana chimwe chinhu iMomo chicha—chichatibatsira. Zvino dai Mwari vatibatsira zvino, sezvandinoda kutora chidzidzo ichi, mangwanani ano, seshoko remhedziso: *Mhedziso*.

²⁶ Zvino isu, pandakanga ndichitarisa chidzidzo ichi, ndakaenda kuduramazwi. Ndikafunga kuti, “Chii? Mumwe anongogara achiti, ‘Ichi ichokwadi, chekupedzesera. Mhedziso, ndizvozvo.’” Ndakafunga, “Nderipi shoko iroro? Zvimorevei kuti, *mhedziso?*” Zvino ndakaenda kuduramazwi kuti ndione zvaraireva.

²⁷ Webster anoti ndicho “chakakwana mune zvachiri, hachina muganhu kusimba racho, pamusoro pazvo magumo azvose.” Munoono, “hachina muganhu kusimba racho, chakakwana mune zvachiri, uye zvezmazvirokwazvo ndicho magumo azvose,” shoko rokuti *mhedziso*.

²⁸ Uye ndinoda kuti nditaure izvi, uye ndichivimba kuti muchabata mazwi aya, nekuti ini handisi mufundisi akadzidziswa mumaitiro, uye nenzira yepfungwa yekuunza nayo chinhu chinofadza chinobva chabata vanhu. Chinhu choga chandinaita, kuedza kuita nepandinogona napo pose, nekuda kweshamwari dzandakapiwa naKristu, uye ndi—ndi—ndinoda kuti vaone kuti pfungwa dzangu ndedzipi pamusoro paKristu.

²⁹ Zvino, kubudirira kwose kukuru kwakasungirirwa pane mhedziso. Haugone kurarama hupenyu usina mhedziso. Haugone kuita budiriro ikasava iri iyo mhedziso, nekuti ndiyo mbambo yekupedzisira yekubatira pairi. Ndiyo—ndiyo chekutakurisa chekumashure pakupera kwerwendo. Inzvimbo yawakasungirirwa pane chimwe chinhu.

³⁰ Muzuva ratiri kurarama mariri zvino, uye zvinhu zvose zviri kuparara, zvisina kusimba uye zviri kupeperetswa, ndinofunga kuti Mharidzo ino ingava iri chinhu chakakodzera, kunyanya kuMakristu pavanenge vachipfuura nepamvura dzavo dzakadzika. Chechi yeChikristu iri kupfuura nemumvura yakanyanyisa kudzika yavati vambove nayo kwemakore zviuru zviviri zvapfuura. Nokuti, tiri kusvika panzvimbo yekuti pane chinhu chiri kuunzwa kuChikristu, chimwe chinhu chekuti vanofanira kuita sarudzo pachiri, uye ndinofunga kuti chechi yeChikristu inofanira kuva nechimwe chinhu icho chavanoziva kuti vakasungirirwa kwachiri, pane kungoenda kwese-kwese seshizha riri pamusoro pemvura, mumhepo. Sezvakataurwa neBhaibheri, “Kutakurwa nemhepo yose yedzidziso.” Mhepo dzinouya dzopeperetsa shizha duku kurutivi *urwu*, zvino kwozouya imwe mhepo, mhepo yekuchamhembe, mhepo yekumaodzanyemba, mhepo yokumabvazuva, mhepo yokumadokero. Hapana kwaunosvika, hauna kugadzikana. Hupenyu hweChikristu hunofanirwa kunge huri hupenyu hwakagadzikana. Hunofanira kunge huri chimwe chinhu chiri—chiri icho musimbote wa—wawakasungirirwa kwachiri, chinopfuura hupenyu pachahwo.

³¹ Uye iwe unofanirwa kuva nechimwe chinhu chawakasungirirwa pachiri. Vamwe vanhu vakasungirirwa kubhizimisi ravo. Vamwe vakasungirirwa kumhuri dzavo. Vamwe vakasungirirwa kuchitendwa. Vamwe vakasungirirwa pachinzvimbo chemumauto. Tine zvinhu zvakasiyana-siyana zvatakasungirirwa pazviri. Asi ndinofunga kuti, seMukristu, tinofanira kunge takasungirirwa patinoziva kuti pakanaka, munoona. Nekuti, unogona kunge wakasungirirwa kumhuri yako, uye mu—mukadzi wako anogona kukusiya. Unogona kunge wakasungirirwa kuchiuto, uye unogona kuurayiwa. Uye unogona kunge wakasungirirwa kune chero zvinhu zvakasiyana, asi zvine magumo. Asi panofanira kunge paine mbambo yokupedzisira. Panofanira kuva neimwe nzvimbo iyo—iyo munhu anofanira kusungirira kuitira kwaanozoenda

muZiendanakuenda. Nekuti, kana uchizovimba nebasa rako, kana basa rako rapera, zvatopera. Kana mhuri yako yatorwa, zvatopera.

³² Asi pane chinhu chimwe chete chandinofunga kuti ndiyo mbambo yekupedzisira. Uye ndinotenda kuti Pauro aive nembambo muhupenyu hwake hwepano. Uye ndinoda ku—kuti pindei mazviri, kana tingazvidaidza nenzira iyoyo, uye totaura nezvembambo iyi. Akati, “Nokuti kwandiri kurarama ndiKristu, uye kufa ipfuma.” Zvino, Kristu akanga ari Mhedziso yaPauro. Ndiye aiva bango rake paaisungirirwa. Raiva rake. . . Ndipo paiperera nharo dzose. Akanga ari Kristu, akanga ari bango rake paakasungirirwa.

³³ Pauro haana kugara aine mbambo iyi kubva kare. Aimbenge akasungirirwa kune boka revaFarise. Uye aitofanirwa kurairwa nekudzidziswa, kuitira kuti vamugamuchire uye vamurege achizvisungirira kubango ravo. Asi rimwe zuva akanga ari munzira achidzika kuDhamasiko, uye akasangana naJesu, chiso nechiso. Zvino kubva ipapo akazvisunungura kubva pambambo yake yechiFarise; akazvisungirirazve patsva, kuti Jesu waaiziva kuti akarovererwa pamuchinjikwa, akafa, akamuka zvakare. Pauro aizviziva nokuti akasangana neMunhu wacho. Zvakamushandura pakare ipapo. Haana kuzombova zvimwe chete kubva ipapo. Haana kungosangana nebhuku. Haana kungosangana ne—nechitendwa. Akasangana neMunhu wacho, Jesu Kristu. “NdiMi aniko, Ishe?”

Iye akati, “Ndini Jesu.”

³⁴ Ngatifungei nezve kutendeuka uku, kwechinguvana. Ndinotenda kuti Pauro aive murume akaperera. Sezvo ino iri Sunday school, tinoda kuidzidzisa seSunday school. Pauro, ndinotenda, aive murume akaperera, zvakadzama, uye pakanga—pakanga pasina chinhu paari chakanga chakasiyana nemumwe munhu wese.

³⁵ Vese vaporofita ivavo vaingovawo vanhu sezvatiri. Bhaibheri rakataura kudaro. Mutsvene Jakobho 5, “Eria akanga ari munhu ane manzwiwo akafanana nesu,” aivawo nenguva dzake dzakanaka nedzakaipa, pazvaimuitira nepazvaisamuitira, “zvino akanyengetera zvikuru kuti mvura irege kunaya.”

³⁶ Uye Pauro akanga ari mhando imwe chete yemunhu sesu. Aive nekunetsekana kwake, kupokana kwake. Uye akanga ari murume akatendeka. Akanga achienda kune rimwe boka rezvinamato rakanakisisa rakanga riripo munyika. Zvino akanga ova mudzidzisi weboka iri; akadzidziswa pasi pemudzidzisi mukuru, Gamarieri, uyo akanga ari mumwe wevadzidzisi vakurusa vavaiva navo pazuva iroro. Vabereki vake vakazvionawo, vakaona kuti pane chimwe chinhu chaiva muhupenyu hwaPauro, ndokushanda nesimba kuti vamuendese

kuchikoro, kuti adzidziswe mumirawo yose waMwari. Uye, nekuperera kwakadzama, akatenda shoko rose rawo.

³⁷ Uye akanga anzwa nezvemhando iyi yeboka revanhu vakaderera, uye kuti kwakambenge kune muporofita, aingodaidzwawo kudaro, neboka raKe, akanga asimuka muGarirea, aifanirwa kuita zvizhamiso pamwe nekupodza vanorwara. Asi boka rake—rake raakanga ari harina kukwanisa kugamuchira Murume uyu kuva muporofita, uyu Jesu weNazareta, nokuti Akanga asina kuzvibanidza pachaKe pamwe chete navo. Saka Pauro haana kukwanisa kuzvitambira, nekuti boka rake pachake re—revanhu vakanga vasingatendi maZviri. Uye vakanga vamyambira pamusoro pezvakadaro.

³⁸ Uye Pauro, sezvo aive akatendeka, akafunga, “Kana chinhu ichi chisiri chaMwari, uye chechi yangu ichiti hachisi chaMwari, zvino pane chinhu chimwe chete chekuita, kuchiparadza.” Akati, “Kuchibvisa munzira, nekuti chiri... chinozongova chidziviso, chinozova bundu, gomarara,” richipesana neboka rake rezvaaitenda. Saka akatsunga mumoyo make kuti achabuda kunodimbura “gomarara” iri, sezvaakaridana, kana kuti chechi yake yakaridana, rive kure neboka rake rakanaka revaFarise.

³⁹ Rimwe zuva, aine tsamba muhomwe make, kubva kumuprista mukuru, kuti asunge vanhu vose vakanga vari muchinhanho ichocho, nokuti ndiro raiva basa iro Pauro akanga anangana naro. Akanga ari munzira yake achidzika kuguta rainzi Dhamasiko. Vakanga vavanyaradza, kumativi ose muJerusarema. Saka akanga—akanga ataka Stefani nematombo, uye Pauro akaita kuti atakwe nematombo, akapupurira uye akatobata jasi. Zvino aizoenda zasi kunoita zvimwe chetezvo, obvisa chidziviso chikuru ichi.

⁴⁰ Asi dzinenge, dzinofanirwa kunge dzaiva nguva dzemasikati, zvekuma eleven, twelve o'clock, akaroverwa pasi. Zvino paakadaro, akatarisa kumusoro zvino pakanga paine Chiedza chakamira pamberi pake. Zvino Inzwi richibuda muChiedza ichi, richiti, “Sauro, Sauro,” mubvunzo, “ko unoNditambudzireiko?” Zvino Pauro aiziva, kana kuti Sauro, waro, aiziva kuti vanhu vake vakanga vachitevera Chiedza chimwe chetecho kubva pavakabuda muEgipita. Uye kana . . .

⁴¹ Makamboona here dudziro yeBhaibheri yaLamsa, chekare . . . Chi—chiratidzo chekare chechiHebheru cha—chaMwari Chiedza chine mativi matatu; tingangoti, chakada *kudaro*, kuti hunhu hutatu hwaMwari, muHumwari humwe. Uye Chiedza chemativi matatu ichi, vatatu mune Mumwe, ari Mwari mumwe chete, chaive chi—chiratidzo kumuHebheru, chaMwari, Chiedza.

⁴² Zvino Mosesi paakasangana naYe mugwenzi, Akabva ati, “NDIRI,” anoramba ari mumwe chete, katatu; zuro, nhasi,

nokusingaperi, achingori Mwari mumwe chete. Uye Mosesi ndokusangana naYe mugwenzi raipfuta. Akanga ari Chiedza. Zvino paAkatingamirira vana veIsraeri kubva murenje, Akanga ari Mutumwa wesungano, uyo akaonekwa naMosesi nekutenda, akabva asiya Egipita, akati kushorwa kwaKristu ipfuma huru kupfuura yeEgipita. Nokutenda, Mosesi akaona kuti ndiye aiva Kristu, Chizoro. Zvino Chizoro chakanga chisiri pane mumwe munhu, asi Chakanga chiri muchimiro cheShongwe yeMoto. Maona?

⁴³ Zvino Chizoro chimwe chete ichocho chakaburuka pakubhabhatidzwa kwaKe, ndokupinda muna Kristu ndokugara maAri. Johane akaziva kuti ndiYe. Akati, “Pane Uyo wauchaona Mweya wakavatungamirira kubva muEgipita kuenda murenje, uye kubva murenje kupinda munyika yechipikirwa, pane Uyo wauchaona chimiro chemativi matatu chaMwari chichidzika chogara paari, ndiYe Wacho achabhabhatidza neMweya Mutsvene neMoto.”

⁴⁴ Zvino Pauro akanga asati awana mukana wakanaka wekuona izvi nazvino. Asi kuti tizviite chokwadi, kwamuri, maJudha vairambidzwa zvachose kupfugamira chifananidzo, kana chimwe chinhu chakada kudaro! Zvino paakaona Chiedza chikuru ichi, akaziva kuti vakanga vari Ishe. *Ishe* zvinoreva “muridzi, kuva nehutongi.” A—angadai asina kungodaidza chero chinhu “Ishe,” muHebheru uyu akasimba, paakaziva kuti Uyu waiva Mweya. Asi cherechedzai, aiziva kuti Shongwe yeMoto imwe chete yakanga iri iYo yakanga yatungamirira vanhu vake. Ndokudzoka akati, “Ishe, ndiMi Aniko? Ndimi Aniko? Ndinoda kuziva kuti ndiMi Ani. Makasangana naMosesi muzita ra ‘NDIRI.’” Asi ndichamira ipapo nepfungwa yavo, kwechingvana.

⁴⁵ Jesu, paAive panyika, akazodzwa neiCho chavakaona, cherechedzai, Akati, “Ndakabva kuna Mwari,” Mweya, Chiedza, Shongwe yeMoto, “uye Ndinodzokera kuna Mwari.” Uye Akaitwa nyama kuti afire zvivi zvedu. Zvino mushure mekufa kwaKe, kuvigwa, kumuka, nekukwira kumusoro, mumashure mekunge Akwira kumusoro; pamazuva makumi mana, Akakwira kumusoro; uye pazuva rechimakumi mashanu, Akadzoka ari muchimiro cheShongwe yeMoto, pakati pevanhu, Akazvipatsanura, sendimi dzemoto, akagara pamusoro pomumwe nomumwe wavo. Ipapo vose vakazadzwa neMweya Mutsvene, vakatanga kutaura nedzimwe ndimi, sokupihwa kwavakaitwa neMweya kuti vataure.

⁴⁶ Munoono, Mwari vachizvipatsanura; Mwari kutanga muShongwe yeMoto huru; Mwari vachiratidzwa mumutumbi wemunhu; zvino Mwari vachizvipatsanura pakati pevanhu vaVo. Shongwe yeMoto ichipamuka, ichigara pamusoro pemumwe nemumwe wavo, semirazvo yemoto yakapatsanuka, ndimi dzakaparadzana dzakagara pamusoro pavo, moto

wakapatsanuka, ndimi dzakaparadzana somoto unopfuta dzakagara pamusoro pomumwe nomumwe wavo. Zvino vose vakazadzwa naiWoyo, ndokutanga kutaura nendimi, sokupiwa kwavaiitwa neMweya kuti vataure.

⁴⁷ Zvino, munoona, hatisi vanhu vakaparadzaniswa, tinofanira kuva muhumwe, nokuti mumwe nomumwe wedu akabata chikamu chaMwari. Uye tinofanira kuuya pamwe chete, zvino Shongwe yeMoto inoratidzwa mukukwana, muhuzaro hwaYo; kana Chechi yaKe yagara pamwe chete munzvimbo dzeKumatenga, ipapo huzaro hwesimba raMwari huri muChechi yaVo. Mumwe nemumwe wedu akabata zvipo zvemweya pamwe nemahofisi emweya, tichiuya pamwe chete, zvinounza Shongwe yeMoto iya ichidzoka zvakare.

⁴⁸ Zvino Pauro akacherechedza kuve zviri zvaShe, ndokuti, “Ishe, ndiMi Aniko, kana ndiri kuKutambudzai?”

⁴⁹ Akati, “Ndini Jesu, uye zvakakuomera kuti ukave zvibayo.”

⁵⁰ Ipapo Pauro akarairwa kuti asimuke aende achidzika nemugwagwa wainzi, “Straight.” Zvino kwakange kune muporofita ikoko akauyapo, wainzi Ananiasi, akaona chiratidzo, akamubhabhatidza. Zvino akaenda kuArabia, kwemakore matatu, kuti anzvere Magwaro, kuti one kuti Shongwe yeMoto iyi yaiva chii yakauya kwaari.

⁵¹ Zvino tinoona kuti Pauro, hupenyu hwake hwese, akave naizvozvo sembambo yake. Akanga asangana naMwari, chiso nechiso, uye akatumwa naMwari. Imbambo yakadini! IMhedziso yakadini! Ndiko kwakava kupera kwenharo dzose. Ndiko kwakava kuguma kwezvinhu zvose kuna Pauro. Kukakavara kwese, zvese zvakaopera. Handina basa nezvakaaurwa nevaFarise, zvakaaurwa nevaSadhuse, kana chero ani zvake; akasangana naMwari vakasimbiswa neShoko, zvakaabva zvapedza nyaya yacho! Ndizvo zvazvakava hupenyu hwake hwose. Nokuti akanga aona Mwari vachiratidzwa, uye vakanga varatidzwa kwaari kuti Vaiva Mwari, kubudikidza neShoko, uye kubudikidza nemaumbirwo pamwe nechimiro chaVaiva machiri, uye kubudikidza neInzwi rainzwicka rakatura naye chaizvo zvazvaiva. Zvino, chakanga chiri chinhu chikuru. Ndokusaka aigona kutaura, chamberi pa—paAgripa, “Handina kuramba kuteerera kuchiratidzo cheKudenga.” Akanga akasungirirwa kwachiri. Paiva nechimwe chinhu chemazvirokwazvo, chimwe chinhu chaiziva, chimwe chinhu icho chero munhu aisagona kumutorera.

⁵² Zvino, nhasi, kana tichingovimba nedzidzo chete, kana imwe—imwe nzira yehurongwa hwe—hwedzidzo yekutsanangura nayo Bhaibheri, ipapo tinongozvzvwisisa kubva pa—pakubata kwepfungwa. Asi hapana munhu ane kodzero seri kwepurupiti iyi, kuti aparidza Evhangeri, kunze kwekunge asangana naYo chiso nechiso.

⁵³ SaMosesi, kuseri kwerenje, zvisinei nokuti akanga akadzidza zvakadii, kana kuti chii chakanga chaitika; kutya nokushushikana kwake zvakabva nokuti akamira panzvimbo inoyera pamwe naMwari, zvokuti hapana aigona kumutorera.

⁵⁴ Uye murume wese kana mudzimai ane chiitiko naMwari, akasangana neShongwe yeMoto imwe chete iyi panzvimbo inoyera yemwoyo wake. “Hakuna mudzidzi webhaibheri, hakuna dhimoni, hapana chinhu,” Pauro akati, “hapana chiripo, hapana chichauya, rufu, hurwere, kusuwa, chinogona kutiparadzana nerudo rwaMwari urwu, rwuri muna Kristu Jesu.” Imbambo. Unotoziva kuti pane chimwe chinhu chakaitika. Hazvina mhosva kuti sainzi inosimuka sei ichitaura *izvi, izvo*, kana *zvimwe*, wakasungirirwa. Iwe naMwari makava mumwe. Vari mauri, uye iwe uri maVari. “Nezuva iroro muchaziva kuti Ndiri muna Baba, Baba vari maNdiri; iNi mamuri, uye imi maNdiri.” Wakasungirirwa kwaAri.

⁵⁵ Uye Pauro aiva ne—nehupenyu hwakanangiswa pana Kristu. Hwaiva hupenyu hwakasiyana nehwaaimbova nahwo. Akambova nekunzwisisa kwedzidzo; asi zvino ava nehupenyu hwakanangiswa pana Kristu, mhedziso. Zvisinei kuti Agripa aigona kutaura zvakawanda zvakadii, “Iwe, wave kupenga, Pauro. Warasika njere. Iwe, wazonyanisa kudzidza.”

Akati, “Handisi kupenga.”

⁵⁶ Zvino akanyatsoshanda naAgripa, nenzira yekuti akazosvika naiye pakuti, “Wapotsa wandinyengetedza kuti ndive Mukristu.”

⁵⁷ Akati, “Ndinoshuvira kuti dai maive, kunze. . . sezvandiri ini, kunze kwemisungo iyi.”

⁵⁸ Zvinokuita kuti uite zvinhu, kana wawana hupenyu hwakanangiswa pana Kristu sehwaive naPauro, zvausingawanzoita. Zvino tarisai. Kazhinji, murume iyeye akadzidza mune ese ma—Magwaro nezvimwe, pane zvinotarisirwa angadai akatevedza mutsara uyo waakadzidziswa mauri. Asi paakazova. . . ndokuita Kristu Mhedziso yake, Magumo ake, zvino pakava nehupenyu hwakasiyana. Akaita zvakasiyana. Akaita zvinhu zvekupenga, pane izvo zvaakanga ambodzidziswa kuita. Uye zvichaita zvimwe chetezvo.

⁵⁹ Kana chechi iri yazobva paKanzuru yeMachechi iyi, yodzoka yoita Shoko raMwari magumo ayo, yoita Shoko raMwari mbambo yayo, izvozvo zvaibva zvatozviita. Asi vari kuzvisungirira pabudiro yakaitwa nevanhu. Uye zvinosungirwa kudonha. Zvakanaka, Bhaibheri rakataura kuti vachazviita. Asi kuchava neMwenga akasarudzwa kubva pakuvambwa kwenyika, achange akasungirirwa kumbambo iyi.

⁶⁰ Ndiri kuona Ziyendanakuenda richipamuka, richidzika richiuya munguva, kubvira muEdheni. Uye, paRakadaro,

pakauya muhwezva weRopa, nzira yose uchikwira kusvika paKarivhari; zvino kubva paKarivhari, vakasungwa nemuhwezva uyu, vanobva vaenda pambambo yacho, Jesu. Uye rimwe zuva paAchauya kuzatora vari vaKe, munhu wose akasungirirwa pamhedziso iyoyo achasimudzwa achienda muZiyendanakuenda. Sei? Vakanga vari muZiyendanakuenda nguva dzose. Vakafanotemerwa muZiyendanakuenda. Ivo chikamu chaMwari. Vaive mupfungwa dzaKe pakutanga. Zvino kana tambo huru iya yadhonzwa, yemuhwezva weRopa, Chiratidzo chiya chandainge ndichitaura nezvacho, pahuchakwira kubva panyika, munhu wose aive akaiswa muRopa iroro achadonhedzerwa muZiyendanakuenda zvakare. Asi nzira chete yazvichave nayo, kunge wakasungirirwa kuMhedziso iyi, Jesu Kristu. Imhedziso! Kwete kubudirira kwemunhu; asi Mwari vakaMumutsa kubva kuvakafa, uye iYe imhedziso. Uye tinoziva kuti Mupenyu, nokuti Heunoi Anesu muSimba rokumuka kwaKe kuvakafa, achiita zvimwe chete zvaAkaita paAkanga ari pano panyika.

⁶¹ Ndakasungirirwa paMhedziso iyi. Ndiko kuguma kwegakava rose. Ndakasungirirwa kwairi. Ndiwo hupenyu hwangu. Ndakanga ndiri mutadzi pandakaponeswa naKristu. Ndakasangana neChimwe chinhu. Zvino kubvira Chakauya mandiri, zvave—zvave zvakasiyana. Uye ndakasungirirwa kwachiri, zvese zvandiri zvakasungirirwa ipapo. Zvino ipapo Mwari vachipatsanura hupenyu hwaVo, ndokundirega ndichigara maVari, uye iVo vari mandiri, zvino takasunganidzwa. Ini . . .

⁶² Hazvina mutsauko wazvinoita wekuti vamwe vanoda kutenda zvipi. Kune dungamunhu, wakasungirirwa kwaZviri. Ndiwo magumo ako ezvose. Ndiro . . . ndiro shoko rekupedzisira. Zvino kana iYe Ari Shoko, zvino *iRi* rinofanira kuva shoko rokupedzisira. Iri rinofanira kupedza nyaya yacho yese. Chero zvaRinotaura, ndiRo shinda tsvuku iya. Ndiye Kristu. Uye chose chinopesana naRo, hapana chandinoziva nezvacho. Ndizvo zvatinoda kuziva, izvo zvinotaurwa neShoko iri; nokuti ndakasungirirwa kuna Kristu, uye Kristu ndiye Shoko. Mazvibata here zvino?

⁶³ Uye chikamu cheShoko raKe chakagoverwa kuzuva rino, Mweya waKe Mutsvene uri pano kuratidza chikamu ichocho cheShoko.

⁶⁴ Sezvazvakanga zvakaita kumashure uko pakuzvarwa kwaKe. Isaya 9:6. Kwese zvichidzika nemuMagwaro, zvose zvakataurwa pamusoro paKe, zvakazadzikiswa. Umo muBhuku raRuka, tinoti zviri . . . tinozviona saizvozvo. Uye Akanga ari magumo, Akanga ari—Akanga ari magumo echiporofita, zvakare, chaKe. Akazadzisa izvozvo, nhorondo, nziyo, zvose zviri muTestamende Yekare, zvaitaura nezvaKe,

zvakazadzikiswa ipapo. Ndizvo zvakava magumo acho. Ndizvo zvakava mbambo yeShoko raMwari kuchizvarwa ichocho.

⁶⁵ Zvino vanhu chaivo vakazvarwa patsva vezera rino, vakazadzwa neMweya Mutsvene, ndivo mbambo yeGwaro iri rinofanira kuzadzikiswa mumazuva ano ekupedzisira. Ndizvo magumo azvo. Ndiwo magumo aMwari, nokuti iShoko raVo; uye Shoko ndiKristu, mbambo. Hapana nzira yekuzvitiza nayo. Chimwe chinhu chinokubata.

⁶⁶ Sezvandataura, zvinokuita kuti uite zvinhu zvausingawanzoita. Zvakaita kuti Pauro aite zvinhu zvaaisawanzoita. Zvakaita kuti Mosesi aite zvinhu zvaasingawanzoita. Zvinoita kuti murume wese nemudzimai wese aite zvinhu zvausingawanzoita. Ndechimwe chinhu chachawakananganidzwa nacho. Ndechimwe chinhu, ndiCho chako chinokudzikamisa. Zvakafanana ne . . .

⁶⁷ Ndicho hoko kungarava. Ngarava inosungirirwa pahoko, munguva yedutu. Zvino kana Kristu ari Mhedziso yako, wakasungirirwa kwaAri. Munguva yedambudziko, ngarava, kana ukairega ichizunguzika, inopwanyikira pama—ma—ma—matombo. Asi zvavanoita, vanodzika hoko iyi. Inokwekweretswa kusvika yakochejera muhwaro hwedombo. Uye ngarava yakasungirirwa pahoko iyi. Ndiyo mhedziso yengarava.

⁶⁸ Uye Mukristu akazvarwa patsva akasungirirwa pana Kristu, uye Bhaibheri ndiro hoko yacho. Ndicho chinhu chatakasungirirwa pachiri. Regai masangano, regai zvinhu zvakasiyana-siyana, regai sainzi, regai vadzidzisi vataure chero zvavanoda. Chero bedzi Shoko iroro richizviture nekuzvivimbisa, takasungirirwa kwaRiri. Pane chimwe chinhu chisingatirege tichibva pariri. Ndizvozvo. Mukristu chaiye akazvarwa, vanogara neShoko iroro. Kana Rikatura chimwe chinhu chekuita, uye nenzira yekuzviita nayo, ndiyo nzira yatinofanirwa kuzviita nayo. Hazvina mhosva kuti mumwe munhu anoti kudii, ndiZvo zvakataurwa naMwari. Takasungirirwa kwaZviri, hupenyu hwakanangiswa pana Kristu.

Kristu, zvakare, zvakafanana neNyeredzi yekuChamhembe.

⁶⁹ Munoziva, nyika inotenderera. Uye nyeredzi, chaizvoizvo, iyo yaunooni senyeredzi yemanheru, ndiyo zvekare nyamatsatse. Nyika inogotenderera kwairi. Asi inosuduruka kubva panyeredzi idzodzo, dzose kunze kwenyeredzi yekuchamhembe. Zvino haukwani kunangisa kambasi yako pane nyeredzi yemanheru uchizowana kwaungasvika, nokuti mangwanani anotevera, chii? Uri munyeredzi yemanheru kumadokero, uye mangwanani anotevera uri kumabvazuva. Munooni, haugone kuzviita. Asi unogona kuinangisa kunyeredzi yokuchamhembe,

ameni, wobva waibata iri pakati-nepakati payo chaipo. Iwe uchabuda.

⁷⁰ Uye ndizvo zvakaita hupenyu hwakanangiswa pana Kristu. Kana warasika, ndiye Nyeredzi yako yoKuchamhembe. Zvino, kana iye ari Nyeredzi yoKuchamhembe, Mweya Mutsvene ndiwo kambasi yako, uye kambasi inogonongedza bedzi kuNyeredzi yoKuchamhembe. Haunongedze kune chitendwa kana sangano. Hawunongedze kune kumwe kutekenyedzwa, kana chero zvazvingava. Unoramba wakanongedzera kuNyeredzi yoKuchamhembe. Ndiye Nyeredzi yako yoKuchamhembe. Kana wakarasika, unogona kufamba nemasangano, nezvimwe zvakadaro. Asi kambasi, Mweya Mutsvene, unokunongedzera wakananga chaiko kuShoko, anova Kristu, uye wokubata wakadzikama. Chisungirira Ipapo.

⁷¹ Ko dai panga pasina nyeredzi yekuchamhembe, ko munhu aizowana sei nzira yake pagungwa rizere nemhute yakasimba? Ko dai panga pasina Mweya Mutsvene kukutungamirira kuShoko raMwari, kuRisimbisa nokuRiratidza, taizoita sei munguva ino? Mweya Mutsvene unonongedza kuShoko chete. “Munhu haangarame nechingwa chete, asi neShoko rose.” Kwete chikamu cheShoko; asi Shoko rose, rose zvaRo. “Shoko rimwe nerimwe rinobuda mumuromo waMwari,” ndiro iro munhu anorarama naro. Ndiye Mhedziso yako muhupenyu hwako, ndiYewo zvakare Nyeredzi yako yeKuchamhembe.

⁷² Munoziva, tinofanira kuva nechimwe chinhu, chimwe, chekugadzirisa magumo egakava.

⁷³ Munoziva, pane imwe nguva apo tsika dzepatafura dzaizorora pane zvaitaurwa nomumwe mukadzi. Ndinotenda kuti zita rake raiva Emily Post. Ndinogona kunge ndakanganisa pane izvozvo. Ndinofunga kuti ndizvo, Emily Post. Handina basa nazvo kana Emily Post akati, “Tora banga rako udye bhi—bhinzi naro,” ndidzo dzaive tsika dzacho. Sei? Ndiye akanga ari mhedziso yetsika dzepatafura. Ndizvozvo. Kana akati, “Dzidye nemaoko ako,” unotodzidya nemaoko ako. Sei? Nyika ino yakamuita mhedziso, kutsika dzepatafura. Hongu, changamire.

⁷⁴ Pane nguva apo Germany yaive ne—nemhedziso, akanga ari Hitler. Yakanga iri mhedziso. Handina basa nezvaitaurwa nemumwe munhu, kana Hitler angoti, “Zviite,” unotozviita. Wotodaro. Ndiye shoko rekupedzisira. Hitler aiva ari.

⁷⁵ Pane imwe nguva Roma yaiva nemhedziso, uye aive Mussolini, mudzvanziriri. Mumwe murume akatyairako akakurumidza neminiti imwe chete achinomutora, akamupfura mumotokari yake ndokumukandira panze, akati, “Handina kumboti kurumidza neminiti imwe, ndati svika pano nenguva.” Mhedziso! Chero zvaataura, vaitofanira kuzviita. Zvaifanira

kutenderera. Akati achaita kuti nyika yese itenderere neshoko rake. Inotenderera neShoko raMwari!

⁷⁶ Pane imwe nguva apo Egipita yaiva nemhedziso. Aiva Farao. Ndakaenda zasi kuEgipita imwe nguva, kungoona nzvimbo idzodzo. Uye munofanira kuchera pasi mafiti makumi maviri kuti muwane zvigaro zvehumambo zvavaigara pazviri, mambo weRoma; pandakanga ndiri kuRoma uye nezasi kuEgipita.

⁷⁷ Munoono, zvose zvakadzokera kuguruva renhoroono, nokuti yakanga iri mhedziso yemhando isiri iyo. Ndizvozvo. Handizvo. Zvakakundikana. Dzaiva mhedziso dzakagadzirwa nevanhu. Uye mhedziso yose yakagadzirwa nevanhu nebudiriro yese yakaitwa nevanhu inofanira kuenda kuguruva. Zvinofanira kuenda kuguruva. Imhando isiriyo, saka inokundikana.

⁷⁸ Chimbofungai nezvenyika yedu. Kana tapinda mudambudziko, kana mumwe munhu akaita chimwe chinhu, zvino vanoitonga muno pamwe mu—mudare duku reguta, rimwe dare remapurisa, yoenderera mberi, mberi, uye pakupedzisira inozouya kuDare Repamusoro-soro. Zvino, Dare Repamusoro-soro ndiro mhedziso yenyika. Zvotopera zvakadaro. Zvino, kuCanada, shamwari dzedu dzekuCanada dzinogona kuenda, kubva kuCanada, vachienda kuna Mambokadzi. Asi muUnited States, iDare Repamusoro-soro. Ndiyo mhedziso. Dzimwe nguva hatifarire sarudzo dzavo, asi tinofanira kuriteerera zvakangodaro. Hongu, changamire. Hatibvumirane nare, isu hatifarire sarudzo pane imwe nguva, asi ndiro mhedziso yenyika ino. Nyika yakasungirirwa kwariri. Ndiro kunogumira kupikisana kwese. Kana Dare Repamusoro-soro rikati, “Une mhosva,” une mhosva. Tinofanira kuva nare; tisina, hatina nyika. Ko dai tanga tisina chinhu chakadaro? Zvirokwazvo. Pane mhedziso kuzvinhu zvose.

⁷⁹ Pane mhedziso mumutambo webhora. Ndiye muzvinapembe. Ndizvo. Uye kana akati, “Ranwa,” ndizvo zvazviri. Hazvinei nezvaunotaura, zvandinofunga, ndazviona sei, iwe wazvionawo sei. Ndeizvo zvaunotaura. Imhedziso. Kana akati, “Ranwa,” unofanira kubvumirana nazvo, nokuti ndiyo nzira yazvichanyorwa nayo, “ranwa.” Ko dai panga pasina muzvinapembe, zvino ndiani aizonge akarurama? Mumwe aiti, “ranwa,” mumwe oti, “harina kunwa; rapotsa, ranga riri. . .” Handiti, munoita nyonganyonga. Hamaizoziva zvekuita.

⁸⁰ Panofanira kuva nepamwe pekuti shoko remumwe munhu ndiro rekupedzisira. Amen. Ndiri kunzwa zvakana kwazvo iko zvino. Kubwinya! Hareruya! Panofanira kunge paine chimwe chinhu chekupedzisira. Ndinofara kwazvo naizvozvo. Oo, zvino, pane mumwe munhu anogona kuti, “Ichi chivi,” kana kuti, “Ichi hachisi chivi.” Ndinofara kwazvo naizvozvo. Ndinofara nemhedziso. Hapana nhare, hapana chikonzero chekuitisana nhare. Muzvinapembe ati, “ranwa,” ndizvo

zvazviri; zviise mupfungwa dzako, “ranwa,” woenderera mberi. Kana Mwari vataura chimwe chinhu, ndizvo zvazviri! Hapana chikonzero chekupikisana nezvazvo. Ndizvo zvazviri. Vakadaro. Ndiyo Mhedziso yeMukristu, ndokunge kana ari Mukristu. Mwari vakati, “Zviite nenzira *iyi*,” ndiyo nzira yazvinofanira kuitwa nayoye. Hapana kuitisana nharo, “Saka,” woti, “zvanga zviri . . .” Hapana nyaya apa. Mwari vataura kudaro, ndizvozvo! Ndiyo Mhedziso kumutendi chaiye. Hongu.

⁸¹ Ko dai pakanga pasina chinhu chakadaro, taizovepi? Ko Methodisti ingave here iyo iri pachokwadi, Baptisti, Presbyteriani, Lutherani, kana kuti ndeipi ingava pachokwadi? Munoono, tinozova, ndicho chikonzero mu—munozova nenyonganyonga. Uye ndicho chikonzero. Vakazvisunungura kubva pamhedziso iya, ndicho chikonzero vari kurasika nedzimwe nyeredzi dziya.

⁸² Asi pane mhedziso. Panofanira kuva nemhedziso. Panofanira kuva nemhedziso. Uye pane mhedziso. Ndiro Shoko racho. Uye zvinotaurwa nevamwe, hazvina basa. Hongu, changamire.

⁸³ Zvino, dai tisina muzvinapembe mumutambo webhora, munhu wese angadai achidhonza vhudzi remumwe, nekukakavara nekurwa. Maona? Ndicho chikonzero tichida mhedziso muChikristu, kumisa zvokudhonzana bvudzi izvi, nekukakavara nekurwa. Maona? Shoko rakazvitaure, uye ndizvozvo. Usawedzere chinhu paRiri kana kubvisa chinhu kwaRiri. IngoRisiya sezvaRiri.

⁸⁴ Munoziva, kune mhedziso kumotokari mumugwagwa, ndicho chiyedza chinomisa, robhoti. Ko kana mamwe mangwanani rorega kusashanda? Oo, ini zvangu! Wakambopinda mune rimwe rawo here? Ndakambopindamo. Pasina kupokana, chero mutyairi akatombopindamo. Ko kana robhoti iri risiri kushanda? Zvino muhu wese anenge achingokakavara. Vanotyaira vachienda ipapo, zvino mumwe oti, “Ndini ndatanga kusvika pano,” mumwe wacho oti, “Rega ndikuudze chimwe chinhu, ndiri kufanira kumhanyira kubasa!” Oo, ini zvangu! Iwo madzimai vachivheyesa mapesi avo, nevarume vachirwa nezvibhakera, uye mungataure nezvenyonganyonga! Panofanira kuva nemhedziso, chimwe chinhu chinoti, “*Izvi* ndizvo,” uye ndizvozvo. Kana robhoti iri rikati, “mira,” zvinoreva kuti mira. Kana rikati, “enda,” zvinoreva kuti enda. Kana zvisiri izvozvo, uri mudambudziko.

⁸⁵ Uye ndizvo zvazviri muhupenyu hweChikristu. Kune nzvimbo yekumira, uye kune nzvimbo yekuenda. Shoko raMwari ndiro Mhedziso iyoyo. Ndiye Kristu. Hongu, changamire. Kana iwe . . .

⁸⁶ Kana marobhoti emumigwagwa asina kubatira, zvino tinova nekusungana kwemotokari pamharadzano. Uye ndinofunga kuti ndizvo zvatave nazvo kumusoro uko kumuzinda wezvitenhero

nhasi; kusungana kwemotokari pamharadzano, kwevatendi vekabanga, vasingatendi, nezvose zvakasungana pamwe chete. Munongove nekusungana kwemotokari pamharadzano. Sei? Havana mhedziso. Mumwe anoti, “Zvakanaka, isu tiri . . . Isu ndisu mhedziso.” Mumwe anotiwo, “Isu ndisu mhedziso.”

⁸⁷ Mwari ndivo Mhedziso. Vakati, “Regai mhedziso yose, isiri yaNgu, ive yenhema. Yangu ndiyo yeChokwadi!” Zvino, pane Mhedziso kuChikristu. Ndiyo kuguma kwenharo dzose. Bhaibheri rakataura kudaro, zvinoRiita rechokwadi. Hongu, changamire. Panofanira kuva nemhedziso muzvinhu zvose.

⁸⁸ Vamwe semachechi anhasi, machechi mazhinji ane mhedziso dzawo. Imwe neimwe ine zvayo, zvimwe zvakaita semazuva evatongi, munhu wese aita nenzira yaaifunga kuti yakanaka. Asi izvozvo hazvina kunaka. Munoono, ndipo pakange pasina Shoko raMwari uye nevaporofofita. Shoko ndiro Mhedziso. Vaiva nemhedziso yavo. Mumwe nemumwe anoti ndivo Chokwadi pamwe nenzira, “Ndisu Chokwadi pamwe nenzira.”

⁸⁹ Asi Jesu akati ndiYe Chokwadi pamwe neNzira, “Chokwadi, Nzira, neChiedza.” Ndizvo here? Zvakanaka, zvino, iYe iShoko, saka heyo Mhedziso. Uye mhedziso dzesangano, hapana zvairi; yakatsveyama, isiyei iende.

⁹⁰ Zvino, munhu anoita zvakanaka mukuona kwake, asi Mwari vane nzira yokuti azviite nayo. Munoono, paye Mwari neShoko raVo nevaporofofita vaVo pavaishaikwa, munhu wose aita zvaingoda kuita.

⁹¹ Uye ndizvo zvazvakave muzuva rino, mumwe nemumwe anoti, “Ndi—ndiri nhengo yeiyi.” Uri muKristu here? “Ndiri muPresbyteriani.” Uri muKristu here? Ndakubvunza. Mumwe musikana akati, “Ndokupai kunzwisisa, ndinopisa kenduru manheru ega-ega.” Mumwe murume akati, mumutsara wekunamatirwa, ndakamubvunza kana aive Mukristu, akati, “Ndiri munhu wemuAmerica. Mungandibvunza izvozvo!” Sekunge zvine chekuita naZvo. Munoono, vakasungirirwa kunyika. Mumwe wacho akasungirirwa kusangano, kudzidziso.

⁹² Asi *Mukristu* zvinoreva “saKristu.” Uye nzira chete yaunogona kuva saKristu ndeyokuti Kristu Shoko rive mauri. Ndipo pekupedzisira. Hongu. Ndakaona izvi ndisati ndatendeuka, uye ndinofara kuti Mwari vakandibata chechi isati yandibata. Saka ndaiziva pandaka . . .

⁹³ Mumwe mushumiri akanaka weBaptisti, Hama Naylor, vari muKubwinya nhasi, vakauya kuno, ndokutaura neni. Uye, oo, pane vanhu vazhinji vakataura neni panda—ndaiedza kutsvaka Mwari. Muparidzi weSavadha aida kuti ndibatane navo, nezvakadaro. Asi ndakaona kuti kana ndaizova Mukristu, handa—ndaizokwanisa kuti, “Iye zvino ndava muSavadha.” Zvino, zvakanaka. “Ndiri muBaptisti.” Zvakanaka, munoono, asi ndaifanira kuva nechimwe chinhu chine chokwadi kupfuura

izvozvo. Handi—ndina kukwanisa kuvimba, nokuti dzese dzaizunguzika.

⁹⁴ Ndakafunga, “Pane mumwe aripo pane imwe nzvimbo, unofanira kuva nechimwe chinhu chechokwadi, pane imwe nzvimbo.”

⁹⁵ Saka ndaida mhedziso, zvino ndikatora imwe, Shoko raMwari. Saka ndakaverenga muShoko kuti iYe iShoko, Mutsvene Johane 1. “Uye pamusoro pemhedziso iyi, Ndichavaka Chechi yaNgu.” Um-hum. Ndizvozvo. Saka ndakaMutora paShoko raKe. Zvakazarurwa 22:19 inoti, “Ani nani achabvisa Shoko rimwe kubva paRiri, kana kuwedzera shoko rimwe paRiri.” Ndiyo mhedziso. Ndiko kuguma kwegakava rese. Iri ndiro mhedziso. “Ani nani anobvisa chinhu paRiri, kana kuwedzera chimwe chinhu paRiri,” Mwari vakati, “Ndichangotora chikamu chake kubva muBhuku reHupenyu,” saka ndiRo raifanira kuva mhedziso. Uye Jesu akataura kuti, “Munhu haangararami nechingwa chete, asi neShoko rose.” Ndakabva ndaziva izvi “Shoko rose” raifanira kuva saizvozvo. Akati, “Chirevo pamusoro pechirevo, nomutsara pamusoro pomutsara.” Ndiyo nzira yaRinofanira kuuya nayo, sekungonyorwa kwaRakaitwa.

⁹⁶ Akabva ati, “Kana muchigara maNdiri,” ndiYe Shoko, “Mashoko angu achigara mamuri, munogona kukumbira zvamunoda.” Ndakaziva ipapo kana Chikristu chaive Shoko raMwari, uye Vakanga vari Shoko, uye nekugamuchira Shoko, Shoko rairarama nemaAri, zvino ndinoziva, “Kana muchigara maNdiri, neShoko raNgu riri mamuri, kumbirai chero chamunoda,” uye kana uri muShoko uye uri chikamu cheShoko, unongokumbira chete zvaunoudzwa neShoko kuti ukumbire. Ziva zuva rauri kurarama, zvadaro, zvino wokumbira zvakakodzera.

⁹⁷ Saka zvino, tichidzokera kuchidzidzo, zvinoita... Ndichitaura zvino pachezvangu, asi ndakasungwa. Ndakasunganidzwa kuna Jesu Kristu, kwaAri, neShoko raKe. Ndiye Mhedziso yangu.

⁹⁸ Ndakaona kuti masangano ose aya nezvimwe zvaiva nemhedziso yazvo. Rimwe nerimwe, rimwe nerimwe, rine mhedziso yaro.

⁹⁹ MaKatorike, kana papa uyu akataura chero chinhu, ndizvozvo. Ndiye mhedziso yechechi yeKatorike. Handina basa nezvinotaurwa nemuprisita, kana kuti mubhishopi anoti kudii, kuti mukadhinari anotii; kana papa azvitaure, ndizvozvo. Ndiye mhedziso. Ndizvozvo.

¹⁰⁰ Muchechi yeMethodist nemazhinji emasangano echiProtestanti, zvinotaurwa nemubhishopi, ndiyo mhedziso. Ndizvo zvoga. Zvinotaurwa nechitendwa, ndiyo mhedziso.

101 MumaPentecosti, ndeizvo zvinotaurwa nemutariri mukuru, kuti munogona here kuva nemunhu uyu kurumutsiriro, kana kuti kwete. Ndiye mhedziso. Ukasabvumirana nemashoko ake, unodzingwa musangano. Munoono, Shoko haritombotariswe zvachose. Maona? Unowana mhedziso idzi, mumwe nomumwe aine mhedziso yake.

102 Asi, munoziva, handisi kutaura izvi sokumhura. Ndinozviture muchokwadi. Ndinonzwa semanzwiwo akaita Pauro, paakati, muna Mabasa 20:24, “Hapana chimwe chezvinhu izvi chinondizunguza.” “Ndakatsunga kusaziva chinhu pakati penyu; asi Jesu Kristu, uye iYe akarovererwa pamuchinjikwa.” Handinetsikane nemhedziso idzi, angava papa, mubhishopi, kana mutariri mukuru, kana chipangamazano, kana hurongwa, kana chingave chii, hapana chimwe chezvinhu izvi chinondizunguza. Handina basa nazvo kana vakati, “Zvakanaka, isu—isu hatisi kuzobat. . .” Izvozvo hazviite kana mutsauko mudiki. Ndakangotsunga kusaziva chimwe chinhu kunze kwaJesu Kristu, Shoko raKe richiratidzwa pakati pedu. Ndakasungirirwa kwaRiri. Ndiyo hoko yangu. Ndakabairira hoko yangu maRiri.

103 “Kubva ini. . .” Pauro akati, “Kubva ini pandakasangana naYe, munzira, ndakatendeuka. Ndaka. . . Akanditwasanudza.”

104 Ini zvangu, Akanyatsonditwasanudza kwazvo! Kutwasanudza kwakadini kwaAkaita pandiri. Asi kubva paAkanditwasanudza, ndakasungirirwa kwaRiri. Ndakaona kuti Shoko raiva Chokwadi, zvose zvaipesana naRo zvakanga zvakaipa.

105 Munozivei? Akanga aine chinangwa mukundiponesa. Akanga ane chinangwa mukukuponesa. Uye ndakatsunga moyo, nokuda kwaKe, kuita kuda kwaKe. Chikonzero chaAkazviitira, handizive kuti sei Akazviita.

106 “Kwete kuwedzera kwaRiri kana kubvisa kwaRiri!” Sezvandataura, Zvakazarurwa 22:19 yakati usazviita. Kana Ari Mhedziso yedu, hazvingave zvinopesana naizvozvo. Hapana nzira yekuti zvive zvinopesana. Anofanira kuva iye Mhedziso, Shoko rokupedzisira.

107 Munoziva, paive nemamiriyoni muzvivi pandakaponeswa. Vakanga vaine chinangwa mukundiponesa. Ndiri munhu asinganzwisisike pakati pehama, nguva zhinji; anotenda mukufanotemerwa, mbeu yenyoka, rubhabhatidzo muZita raJesu Kristu, nezvimwe zvinhu zvose izvi zvinoita sekunge. . . uye nezviratidzo, nesimba raKristu rakadzoka, uye nekutsiura masangano nezvimwe. Ndiri munhu asinganzwisisike, asi Aiva nechikonzero chekundiponesa, chinangwa mukuita izvozvo. Akandiponesa apo paive nemamiriyoni evamwe vaive muzvivi, asi akandiponesa nekuda kwechimwe chikonzero. Paiva nevanhu vakadzidza,

paiva nevanhu vakachenjera, paiva nevadzidzi vebhaibheri, paiva nemabhishopi nevanachiremba, nezvimwe zvakadaro, mumunda wekuvhangeri, paAkandiponesa, asi Akandiponesa nokuda kwechimwe chikonzero.

¹⁰⁸ Uye ndinoona Shoko ndiro Mhedziso, uye ndakasungirirwa kwaRiri, uye ndakatsunga kuti hapana chimwe chandichaziva kunze kwaJesu Kristu, uye naiYe akarovererwa pamuchinjikwa. Aive nechikonzero chazvo, uye ndakatsunga kubata chikonzero ichocho. Hazvina mhosva kuti mumwe munhu anoti kudii, ini handiregi kuyanana navo kana kuvazvidza, asi ini ndinoziva zvandakasungirirwa kwazviri. Aindida sezvandiri. Aiva neni ndakadai. Ndakagadzirwa kudaro nechinangwa. Ndaifanira kugadzirwa nehunhu hwese uhu, nezvakadaro, nezvose izvi zvekunge ndisiri chinhu, kuti Agozozvichera kubva mandiri, obva aisa Chimwe chinhu imomo; chakanga chiri Shoko raKe. Uye ndakatsunga kuti hapana chimwe chandichaziva kunze kwaKristu.

¹⁰⁹ Rufu rwaKristu rwakanga rwuri mhedziso. Rwakanga rwuri mhedziso. Rwakave kupera kwekutya kwese kune avo vaitya rufu. Rufu rwake imhedziso, ipapo.

¹¹⁰ Vanhu vanotyia rufu. Kunyange Jobho aitya rufu. Asi paakazoono chiratidzo! Aiziva kuti zvinhu zvose zvakanga zvaenda; mhuri yake, vana vake—vake. Kunyange mudzimai wake akanga amupandukira, nokuda kwekunhuwa kwake—kwake kwemamota ake—ake; akagara kunze kweimba yake, ari pamurwi wemadota, achikwenya mamota ake—ake. Zvino mudzimai wake akatotiwo, “Wadii wangotuka Mwari, wobva hako wafa rufu?”

Akati, “Unotaura somukadzi benzi.” Maona?

¹¹¹ Zvino Erihu paakataura naye... Mamwe emazuva ano, ndinoda kukutsanangurirai zita iroro, Erihu, uye ndokuratidzai kuti akanga ari Kristu.

¹¹² Paakava nemamiriro ezvinhu aya, uye zvinhu zvose zvakapesana naye, akabva aona chiratidzo chaiYe waCho akarurama. Aida kuwana Munhu Aigona kumumirira pamukaha; oisa maoko aKe pamunhu mutadzi uye naMwari Mutsvene, zvino omira munzira. Uye Mwari vakaita kuti aZvione, makore zviuru zvina zvisati zvaitika. Yakanga iri mhedziso yake. Akasimuka akazvizunza. Hareruya!

¹¹³ Kana munhu ari kutya kufa, simuka uzvizunze, tarisa muShoko uone zviriri chiratidzo chaMwari.

¹¹⁴ Akaona chiratidzo ichi, akati, “Ndinoziva kuti Mudzikinuri wangu anorarama, uye pamazuva ekupedzisira Achamira panyika ino. Uye ndiri kuzvisungirira pachangu kwachiri! Kunyange honye dzemunyama dzikaparadza muviri uyu, asi munyama yangu ndichaona Mwari: Uyo wandichazvionera

pachangu. Ndakasungwa kwachiri,” Akati. Akachiona. Yakanga iri vimbiso yaMwari.

¹¹⁵ Akatarisa nemumirawo yezvisikwa. Sezvandanga ndichikuudzai pamusoro pekuenderera mberi kwemurawo wezvisikwa, kuenderera mberi kweShoko, kuenderera mberi kwekuita kwaMwari, zvese kuenderera mberi. Vakanga vambobvunza, muna Jobho 14. Akati, “Pane tariro kumuti, kana ukafa; ruva, kana rikafa; zvichingodaro. Asi,” akati, “munhu anovata pasi, ogoburitsa mweya wake, ndokuparara hake. Vana vake vanouya kuzomukudza, iye haazvioni. Oo,” akabva ati, “kana Mungandivanza muguva, ndivanzei mundichengete panzvimbo yakavanda, kusvikira hasha dzeNyu dzapfuura!” Aitya rufu.

¹¹⁶ Asi wakati afanoona zviru mberi, sezvo aive muporofita, akaona kumuka kwaJesu Kristu kuvakafa, akadanidzira, “Mudzikinuri wangu anorarama!” Tarisai, akaMudana kuti, “Mudzikinuri.” Tarisai. “Ndinoziva kuti Mudzikinuri wangu anorarama, uye pamazuva ekupedzisira Achamira pamusoro penyika; kunyange mushure mokunge honye dzangu dzemunyama dzaparadza muviri uno, asi zvakadaro munyama yangu ndichaona Mwari.” Mwari neMudzikinuri vaive chinhu chimhu chete, Mwari nemunhu vakaitwa mumwe. “Ndichaona Mwari; Wandichazvionera pachangu, meso angu achaona, kwete mumwe.” Amen.

¹¹⁷ Kwete mumwe munhu asi Mudzikinuri uya, Mwari, ndiye Uyo anoonekwa nemeso angu. Ndiye Mhedziso. Ndiye Mhedziso. Anobvisa kutya kwese kubva murufu. Anatora kutya kwese.

¹¹⁸ Muna VaHebheru, chitsauko 2, ndima 14 ne 15, tarisai. Akatora chimiro chemunhu, kuti afe semunhu, achifira vose. Akatora chimiro chemunhu. Mudzikinuri uyu akauya pasi ndokuitwa munhu, kuti Agofa, Munhu mumwe chete, kuitira vose. Oo, Akazviita sei? Chikonzero chei chakaita Mwari vave munhu? Kuripira murango wemunhu.

¹¹⁹ Asi, mangwanani eEsta, Akauya aine makiyi erufu, gehena, neguva. Amen. Mwari, Uyo aikwanisa kufa pamuchinjikwa, uye makuva akatadza kuMubata; hapana, gehena rakatadza kuMubata. Hapana chaikwanisa kuMubata. Akamuka. Akanga ane makiyi. Akamuka, ari Mukundi, nokuti Akakunda zvose rufu, gehena, guva. PaAive panyika, Akakunda hurwere. Akakunda zvese. Akakunda zvemashura. Akakunda zvese zvaivapo kuti zvikundwe. Uye akabuda nerufu, gehena, neguva, makiyi achirira padivi paKe; ndokukwira kuMusoro, ndokupa zvipo kuvanhu, ndokudzoka neZuva rePentekosti ndokuapa kuna Petro, kuChechi. Amen. Ndiye Mhedziso yedu. Kutya rufu kwese . . . Nokuti Anorarama, nesuwo tinorarama.

¹²⁰ VaRoma 8:1, “Naizvozvo zvatinoruramiswa nekutenda, tine rugare naMwari kuburikidza naIshe wedu Jesu Kristu.”

Tinoona kuti, ndinotenda kuti ndiVaRoma 5, tinozviona. Uye—uye ndiYe kururamiswa kwedu. Mwari vakaMumutsa nezuva retatu, kururamisa kutenda kwedu, kuti tinozvitenda. Uye VakaMumutsa, kuti aruramise kutenda kwedu. Chii chaVakaita zvino? VakaMudzosazve, Mururamisi, nokuti kutenda kwedu kunozvitenda. Mweya Mutsvene, Kristu, wakapinda mazviri, kuti tiruramiswe, nokuti takamuka kubva murufu kuenda kuHupenyu. Uye zvino tave vanakomana nevanasikana vaMwari, vagere munzvimbo dzeKumatenga muna Kristu Jesu, akatiruramisa nokumuka kwaKe.

¹²¹ Zvinotipa kururamiswa, kuziva, neru—nerubatso rweruponeso rwedu rwuri matiri zvino, Hupenyu chaihwo hwaKristu huchipfakanyika matiri. Zvino pakadaro tinozoriramba sei Shoko? Apo, iYe ndiye Shoko rinotipa... chivimbo ichi. Mweya Mutsvene uripo. Chimbori Chii? Achiri Nyeredzi yoKuchamhembe, Kristu ndiye Nyeredzi yoKuchamhembe. Uye Mweya Mutsvene ndiwo kururamiswa kunonongedzera mutendi wakananga kuNyeredzi yoKuchamhembe. Ndizvo.

¹²² Mweya Mutsvene unogara uchinongedzera kuShoko. Kana Ukanongedzera kuchitendwa kana kusangano, hausi Mweya Mutsvene. Haaigona kuita izvozvo, kunongedza kure neShoko raKe, apo Akafa kuti asimbise Shoko iri nokuita kuti Shoko iroro rive mazvirokwazvo. Amen. Akafa kuti Auye, pachaKe, muShoko iroro. Ndiye Hupenyu hunomutsa hunoita kuti Shoko iri rirarame zvakare. Ndicho chaiva chinangwa chaKe chekufa, kuti Aizokwanisa kuZviratidza kuburikidza nemuChechi yaKe, nekuita kuti Shoko rese, nemuzera rega-rega, rigoita chaizvo sezvaRinofanira kuita.

¹²³ Ndiye simba rinofambisa hurongwa. Hurongwa hweChechi, chii ichocho? Vaapostora, vaporofita, vadzidzisi, zvichingodaro. Uye ndiYe simba rinofambisa rinoshanda izvozvo. Uye zvinoshandwa nerimwe simba rinofambisa rinonzi iro sekunge... Iye, ndiYe Moto unotungidza peturu. Iye ndiye Moto uri munzvimbo inopiswa peturu muinjini, kuti kana pe—peturu, sho—Shoko, radururwa pamusoro penzvimbo inopiswa peturu, iYe ndiYe anoitungidza moto. Iye ndiYe anozvisimbisa. Ndiye simba rekumuka kuvakafa. Ndiye Mwari. Iye, ndiYe Moto, ndizvo zvaAri.

¹²⁴ “Pasina anoita nhoro,” anodaro Timotio Wekutanga 3:16, “chakavanzika chehumwari chikuru; nekuti Mwari vakaratidzwa munyama, vakaonekwa nevatumwa, vakagamuchirwa mukubwinya.” Vakanga vari Mwari, vakauya kuzitora nzvimbo yevatadzi. Hongu, changamire. Zvino iVo, Mwari, pavakaMumutsa ne—nezuva retatu, zvakaitirwa kuti tiruramiswe. Naizvozvo, ndokusimudzirwa kuruoko rworudyi rwoUshe Kumusoro, ndiYe Murevereri, kuti areverere pane hwedu... pane hutera hwedu, patinoreurura kwaAri, uye kuti

tife kune zvatiri; achidzorera Shoko raKe matiri, vimbiso. Uye kutenda kwedu kunoita kuti Shoko rive benyu, nokuti Kristu ari matiri, mupi wehupenyu weShoko.

¹²⁵ Ndinoshuva sei kuti dai chechi yagona kuzviona, nharo dzese negakava rese zvinopera! Ndiro rinova Dare Repamusoro-soro. Ndiyo Nyeredzi yoKuchamhembe. Hareruya! Ndiko kuguma kwegakava rose. Ndiko kuguma kwemibvunzo yese. Ndiko kuguma kwezvose. “Mwari vakadaro,” ndiyo Mhedziso. Zvisungirire kwaIri. Pauro akati, “Hapana chiripo, hapana chichauya, rufu, hurwere, kushaya chokupfeka, njodzi, hapana chinogona kutiparadzanya naRwo.” Takasungirirwa kune Mhedziso. Akati, “Kuti ini ndirarame ndi—ndiKristu, uye kufa ipfuma.” Hapana chimwe chinobata kunze kwaRo ipapo. Ndiyo Mhedziso.

¹²⁶ Ndiye Mhedziso yedu nokuti tine chivimbo chokumuka kuvakafa, nekuti Akamutswa matiri. Tinoziva sei? Anorarama. Anoita chaizvo pano izvo zvaAkaita paAive pano panyika. Ndiye Shongwe yeMoto imwe chete, yatine mufananidzo wayo pano. Ndiye mumwe chete ari muChechi. Ari pano nhasi, uye mumutumbi uno Anoshanda nekuita chaizvo sezvaAkaita kareko.

¹²⁷ Kana hupenyu hwedzinde remunwiwa hukaiswa munhanga, harife rakabereka rimwe nhangazve; harikwanise, nokuti rave nwiwa, nokuti hupenyu huri mariri ndehwenwiwa. “Uye kana raNgu... Muchigara maNdiri uye Shoko raNgu riri mamuri, kumbirai zvamunoda!” Muchava nemanwiwa. Ameni. Mhedziso, ndinoziva kuti iChokwadi. Ndakasungirira mweya wangu pazviri, uye ndinoziva kuti iChokwadi. Shoko raMwari, ndiYe Mhedziso yedu.

¹²⁸ VaTesaronika Vechipiri, chitsauko 2, tinoiverenga iyo. “Tichabvutwa muchadenga pamwe nevadikani vedu, kuti tisangane naYe mumhepo.” Oo, moyo wangu unorova sei kuShoko rose riri muBhuku raKe, “Ameni.” Mwari vakati, “Tichabvutwa muchadenga, kunosangana nevadikani vedu.” “Ameni,” rakadaro Shoko pakadzika mumoyo mangu, nokuti Shoko ririmo imomo.

¹²⁹ “Ndakaviga Shoko reNyu mumoyo mangu, Ishe, kuti ndirege kuKutadzirai. Ndinoasungirira paminwe yangu, panhovo yangu. Muri pamberi pangu nguva dzose. Handingazungunutswi.”

¹³⁰ “Hongu, kunyange ndikafamba nemumupata womumvuri worufu, handingatyi chakaipa, nokuti ndiMi Mhedziso yangu. Ndichafamba ndichidzika nemo imomo, uye iMi muchandiburitsamo. Ndikaenda mumvura dzakadzika dzengarava yangu, Mucha... Ndimi hoko yangu. Ameni. Muri seri kwechidzitiro uko. NdiMi Munozondifambisa nemudutu. Ndimi Muchange muri Ipapo, hoko yangu muKubwinya, kana ndadzika mumimvuri yemupata, mimvuri yerufu.” Kana

ndadzika kuJorodhani, pandinofanirwa kuyambukira mhiri, iYe ndiye Mhedziso yangu. Ndakasungirirwa kune Uyo akamutswa kuvakafa ari kune rimwe divi, Achandikweva nemumvura dzine njodzi. “Handizoty chakaipa, nokuti iMi muneni.” Ameni. Regai madutu avhuvhute, hupenyu, rufu, chero chii chiripo; hapana chichaparadzanisa. Ndakasungirirwa kuMbambo iyoyo.

¹³¹ Mbambo iyoyo yakabata. Yakabata mukati mechidzitiro. Yakakohekera. Yakakohekera kuna Mwari mhiri uko. Yakakohekera pamoyo wangu. Mweya Mutsvene ndiwo unondifambisa kuvimbiso iyoyo: “NDIRI!” Kwete, “Ndichave,” “Ndaive,” “Ini rimwe zuva ndichazova.” “Ndini Rumuko neHupenyu,” ndizvo zvinotaura Mwari. “Uyo anotenda maNdiri, kunyange akafa, asi achararama. Uye uyo anorarama uye achitenda maNdiri, haazombofe.”

¹³² Regai rufu rwuite chero zvarwunoda, harumbondinetsa, nekuti ndakagutsikana, ndakagutsikana kuti kunyange murhwere hungagona kunditora, kana bara rabva mupfuti, rimwe zuva, rinogona kunditora, handizive kuti chingavei, zvinoita mutsauko wei kwandiri? “Nokuti ini kurarama ndiKristu, uye kufa ipfuma.” Oo, ini zvangu! Nokuti, ndakatsunga ndinoMuziva akagara uko mhiri kwerwizi rwerufu, kwaAchazondidhonzera muHupo hwaKe rimwe zuva. Ndakaruramiswa nekururama kwaKe, kwandakagamuchira kwerufu rwaKe pamuchinjikwa, Mwari vakaitwa nyama pakati pedu; vachiri nyama matiri, vachiri Mweya munyama yedu. Ameni.

¹³³ Ndiye Mhedziso yangu. Ndiye zvose zvangu. Chero chipi chiri kunze kwaizvozvo, hapana chandinounza mumaoko angu. Hapana chimwe chandinoziva kunze kwaKristu, uye iYe akarovererwa pamuchinjikwa; hapana chimwe chandinoda kunzwa kunze kwaKristu, uye iYe akarovererwa pamuchinjikwa. Moyo wangu unoti “ameni” kune imwe neimwe yevimbiso dzaKe. Ndicho chikonzero ndichiziva kuti Mweya Mutsvene waKe ikambasi, Unonditungamirira kuShoko.

¹³⁴ Hapana kana chimwe chezviratidzo izvi chakambotaura chimwe chinhu kwandiri kunze kwezvakanga zviri chaimo muShoko. Oo, ndimo mandakawana chvimbo changu, hama. Husiku huya paAkandiudza pamusoro pazvo, ndakatarisa zviratidzo izvozvo. Uye imboteererai, ko chiratidzo ichocho chakambotaura here chimwe chinhu chaipesana neShoko? Hapana kana nguva yachakambokanganisa. Sei? NdiMwari. Ndiyo mbambo yangu.

¹³⁵ Uye ndinoziva, mamwe mangwanani, muchiratidzo, ndakaona vadikanwi vangu mhiri kwerwizi uko. Iriko. Ndiri kuenda kuNyika yechipikirwa iyi. Ndinofanira kusangana ikoko rimwe zuva. Hongu, zvechokwadi.

¹³⁶ Ndiye Mhedziso yangu. Ndiye Zuva rangu. Ndiye Hupenyu hwangu. Ndiye mbambo yangu, Nyeredzi yangu yeKuchamhembe. Ndiye zvese zvandingambofunga kuva, ndiYe izvozvo kwandiri. Ndiye Hupenyu hwangu.

¹³⁷ Masangano, kwandiri. . . Ndisiri kukurwadzisai manzwiro enyu; handidi kuti ndidaro. Asi Shoko rakaita somunondo unocheka nekumativi maviri, haRigoni kufamba risina kucheka, munoono, kunyanya kana Riri kucheka murima. Cherechedzai, masangano akafanana nedzimwe nyeredzi, dzinoshanduka nekutenderera kwenyika. Ndizvozvo. Kwese kunoenda nyika, vanorega vakadzi vavo vachigera vhudzi ravo, vachipfeka zvikabudura, nezvimwe zvose, zvinongoshanduka pamwe chete neHollywood nezvimwe zvese. Asi, oo, hama, iRo rinoramba riri Chokwadi, iro Shoko risingazungunuke raMwari mupenyu richingori Chokwadi! Ndiro Mhedziso yangu. ZvaRinotaura iChokwadi. Regai sangano rifambire kwese kwarinoda. Vanoda kushaisa basa Zita raJesu Kristu, nedunhurirwa, izvozvo zviri kwavari. Asi, kwandiri, “Hakuna rimwe Zita pasi peDenga rakapiwa pakati pevanhu, ramunofanira kuponeswa naro.” Kwandiri, ndiro Shoko renheyo, ndipo pane dombo repakona. Ini handidi kungoenda pamwe nesangano ripi zvaro.

¹³⁸ Ndine kambasi yangu pano mukati mangu, Mweya Mutsvene, unondinongedzera wakananga kuMhedziso chaiko. “Nokuti zvose denga nenyika zvichapfuura, asi Mashoko aNgu haangatongopfuuri.” Uye ndakaRivanza mumoyo mangu, uye Mweya Mutsvene wakandinongedzera kwaRiri chaiko. Ndakatsunga kusaziva chimwe chinhuve. Ndiyo Mhedziso yangu. Ingozviregai zvive zvakadaro. Ndiyo nzira yandinovida nayo. Oo, ini zvangu! Zvino, hama, hanzvadzi, ita Mhedziso yako maAri. Hongu, changamire.

¹³⁹ Munguva yedambudziko randakava naro pano nguva shoma yapfuura, kurasikirwa nemudzimai, nevana, zvose. Mumwe munhu akati kwandiri, akati, “Wakachengeta chitendero chako?”

¹⁴⁰ Ndikati, “Kwete, ndiCho chakandichengeta.” Maona? Munoono, ndaive neMhedziso, kuziva kuti rimwe zuva ndichavaona zvakare. Amen. Handaikwanisa kuzviita dai ndakanga ndisina Mhedziso iyi. Yakaita mutsauko mandiri, pandakanga ndakasungirirwa, nekuti ndaiziva kuti ndichazovaona zvakare.

¹⁴¹ Zvino, nenyasha, ndakasungirirwa kune Uyo Akati, “NDIRI,” kwete “Ndaive.” “NDIRI,” nguva dzose, aripo nguva dzose, wazvose-, muzivazvose, wazvose-, ane masimba ose, asina magumo, kuti haAsi “Ndaive.” “NDIRI,” Achiri rumuko. Achiri Nyeredzi yoKuchamhembe. Achiri zvese, kwandiri.

142 Mosesi aiva neMhedziso. Paakasangana negwenzi riya raipfuta, rakanga iri mhedziso kwaari. Apo Joshua—apo Joshua. . .

143 Oo, munoziva, dzimwe nguva paunotora mhedziso, mhedziso inokutungamirira kune nenji. Ndizvozvo. Hongu. Nenji chinhu chiri chechokwadi, asi chisingatsanangurike. Inenji.

144 Joshua paakanga akamira ipapo, ndokuona kuti akanga aine chaaida! Mwari vakanga vamutuma kuti aende mhiri ikoko kundotora nyika iyoyo, onokunda vanhu vose ivavo, uye—uye oisa Israeri munyika macho. Uye rimwe zuva, mauto akakundwa, uye vari kunze munyika. Uye che—uye chinhu chekutanga munoziva, aiziva kuti akanga avakurira, chero bedzi akangovaita kuti vasaungane. Saka, paakadaro, zuva rakanga rava kunyura. Zvino Joshua akanga akasungirirwa kuMhedziso, Shoko raMwari, iye Musiki. Akanga akasungirirwa kubasa raaifanira kuita. Amen.

145 Dzimwe nguva hazvifadzi kuriita; unofanira kurwadzisa manzwiwo, kucheka nekutema. Asi imhedziso.

146 Aiva nechitsvako. Akati, “Zuva, ramba wakamirapo, ikoko! Mwedzi, ramba wakaremba uri ipapo!” Uye, kwemaawa makumi maviri nemana, rakaramba rakamira. Oo, taura nezvenenji! Asi akanga akasungirirwa kumhedziso, aine kutumwa. Hongu, chaizvo, Mwari vakanga vamutuma.

Johane aive nechokwadi chekuti aizoona Njiva kana Yauya paAri.

147 Pandakaona Shongwe yeMoto iya, saPauro panzira yekuenda kuDhamasiko, ndakaziva kuti ndiyo Mhedziso yaMwari, kwakanga kuri kuuya rumutsiriro rwaizotsvaira nyika zhinji. Ndakaziva kuti Rwaizofanotungamira Kuuya kwechipiri kwaJesu Kristu, uye ndinozvitenda kunyangwe nanhasi. Ndiyo Mhedziso yangu, kunyange zvazvo rakava nenji. Chokwadi, raiva nenji, kuti Shongwe yeMoto irembere kumusoro mudenga imomo. Uye mapepanhau nezvose vachitora mufananidzo waYo.

148 Rakava nenji, rimwe zuva, musi wa15 Kurume, kana kuti Chivabvu 15, ndinotenda. . .kwete, Kurume 15, gore rino rapfuura. Apo, mwedzi mitatu kana mina zvisati zvaitika, *Madzichangamire, Dzimbora Nguvaiko?*, ndokuti taizoenda kunze ikoko, “Uye Ngirozi nomwe dzaizosangana, nokudzoka, uye bhu—Bhuku reZvisimbiso Zvinomwe raizozarurwa.” Uye ndakamira ipapo chaipo pamwe neHama Fred Sothmann, vachangobva kuti “ameni” apo, ndakamira pedyo navo ikoko, handiti, ndakavaudza, “Paizoita ruzha rwaizozunguza nyika.” Uye ini ndikati, “Rwuchange rwuripo. IZVANZI NAJEHOVHA.” Zviri pamatepi, matepi, matepi, kubva kuPhoenix kwese-kwese zvako. “IZVANZI NAJEHOVHA.”

149 Rimwe zuva, ndakamira ipapo, ndichibvisa chaguduma, kana tuzvidhongu tudiki kubva pamakumbo angu, sezvazvaiva;

ipapo Ngirozi nomwe dzakauya dzichibva nomudenga dzikazunguza nzvimbo yacho, kusvikira, matombo, anorema mapaundi makumi mashanu kana makumi matanhatu, akakungurukira zasi nepadivi rechikomo. Ipapo ndokumira Ngirozi nomwe dzakamira ipapo, ndokundituma kuti ndidzokere uye ndiunze Mharidzo idzi, ndokuti, “Imwe neimwe” dzaizo “sangana nekutaura zvakaitika.” Uye ndokuita saizvozvo nenzira iyoyo chaiyo. Zvino padzakakwira Kumusoro, saizvozvo, dzakaenda mamaera makumi matatu mudenga; uye, zuva rimwe chetero, vakatora mufananidzo waYo, sainzi yakadaro, ndokupota pasi rose. Inenji, asi yaive Mhedziso. Zvakandisunga zvakawedzerwa muna Jesu Kristu, kumoneredza hupenyu hwangu maAri. Ndinoziva kuti zvaiita sezvinoshamisa. Zvagara zvakadaro.

¹⁵⁰ Rakava nenji kuna Pauro, kusangana naJesu munzira yokuenda kuDhamasiko. Inenji Mwari pavanoshandura moyo mutema, wemutadzi vusuka kuita muchena muRopa raVo pachaVo. Inenji. Zvirokwazvo. Munotenda munenji here? Uye nenji iri, kana riri maererano neShoko raMwari, rinogona kuva mhedziso yako. Kutendeuka kwaPauro kwaiva nenji, uye kukava mhedziso yake.

¹⁵¹ Munorangarira pano, imwe nguva yapfuura, ndakanga ndakagara nemumwe mutana wezvemishonga yekurapa, uye takanga tichitaura hedu pane imwe nzvimbo duku. Akati, “Hama Branham, ndinoda kukubvunzai chimwe chinhu.” Uye akanga ari muBaptisti, pachake. Akati, “Munotenda mune nenji here?”

Ndati, “Chokwadi. Zvirokwazvo ndinotenda.”

¹⁵² Ndokuti, “Ini handingaudze izvi kune munhu wese-wese kunze kwenyu,” akati, “asi ndi—ndinoziva kuti munozvitenda izvi.”

¹⁵³ Akati, “Munguva yekuderera kwehupfumi hwenyika,” ndokuti, “vanhu vaifanirwa kuva nerugwaro, kubva kuna sadunhu, kuti vawane mishonga yevanorwara.” Ndokuti, “Rimwe zuva, ndakanga ndakagara kumashure kuno muchitoro chemishonga.” Akati, “Mwanakomana wangu akanga achibatsira vaitenga.” Ndokuti, “Ndakaona mu—mukadzi achipinda.” Akati, “Akanga ari... Waitoona kuti mai ava vamerwa zvekutopona ipapo.” Ndokuti, “Kanhukadiki aka kaitotadza nekumira chaiko. Uye murume wake akanga akapfeka zvinonzwisa urombo, vose vari vaviri. Zvino mudzimai ndokuzembera padivi repakaunda. Murume akaenda kunokumbira mwanakomana wangu, akati, ‘Ndine tsamba yandanyorerwa nachiremba pano iyi.’ Akati, ‘Ungandigadzirirewo here mishonga yacho ndiende nemukadzi wangu kumba?’ Akati, ‘Ndaedza kumuita kuti amire mumutsetse uyo. Chingotarisa kuzasi kwemugwagwa uko,’

akadaro, ‘angatozoita maawa mana kana mashanu.’ Ndokuti, ‘Haachakwanisa kumira zvino, uri kuonawo.’”

¹⁵⁴ Zvino muchinda mudiki akati, “Changamire, ini—ini handikwanise kuita izvozvo.” Akati, “Ndinofanirwa kutowana gwaro racho kutanga,” akati, “nekuti ini—ini handikwanise kuita izvozvo. Zvinotongopesana nemitemo.” Ndokuti. . .

¹⁵⁵ Baba vake vakati vakanga vakagara kumashure uko vachiteerera, vachiona kuti mukomana wacho ati kudii. Uye ivo ndokuti, “Mira zvishoma, mwanangu. Chimbori chii?”

¹⁵⁶ Ndokuti vakafamba vachiendako. Zvino mutana uyu, Mukristu chaiye, murume mutana mutsvene chaiye, akati, “Chii nhai, hama yangu yakanaka?”

¹⁵⁷ Uye akati, “Changamire,” akati, “ndiri. . . mudzimai wangu, ava kuda ku—ku—kuponu.” Akati, “Ndi—ndiri. . . Ndawana tsamba kubva kuna chiremba pano; mumwe mushonga, waanofanira kuwana izvozvi.” Ndokuti, “Nda—Ndaenda naye kunomira mukamuri umo.” Ndokuti, “Nda—nda. . . Tarisaiwo mutsara uyu,” akati, “handitende kana ndingazopinda, masikati ano.” Akati, “Handizive kana—kana muchikwanisa kundigadzirirawo iwo uyu?” Akati, “Ndicha—ndichanomira zasi uko; ndicha—ndichanokutorerai mari yacho, iyo inobhadharwa kwasadunhu.”

¹⁵⁸ “Hongu,” ndokuti, “zvirokwazvo, changamire, ndichakutorerai.” Zvino akangoisa gwaro pasi, ndokudzokera kumashure. Vakati mwanakomana wavo akadzokera hake seri ndokutanga kubatsira mumwe munhu.

¹⁵⁹ Akati, “Mudzimai mudiki akatarisa, kaviri kana katatu. Mudzimai akangomira ipapo, dikita riri kumeso kwake, waitoziva kuti ari kurwara zvikuru. Uye hama iya yakamira ipapo yakamumbundira, munoziva, achiti, ‘Chingomira, mudiwa, kwechinguvana zvino.’ Akati, ‘Mukuru wemishonga akanaka ari kuzotiunzira mushonga.’”

¹⁶⁰ Akati, “Ndakagadzira mushonga wacho nekukasika kwandaigona, ndikaisa mishonga yacho yaidiwa.” Ndokuti, “Pandakatanga kupa mudzimai uyu muruoko rwake,” akati, “Hama Branham, ndakatarisa wanike ndaisa muruoko rwakanga rwune vanga rechipikiri.” Akati, “Ndakaona minzwa pamhanza yaKe.” Akati, “Ndakavhara maziso angu, ndichibva ndatarisa zvekare.” Akati, “Ndakabva ndacherechedza ipapo kuti, mukuita zvandainge ndaita kune ‘mudukusa wavaduku vaNgu ava,’ zvakaitwa kwaAri.”

¹⁶¹ Akati, “Munozvitenda here izvozvo?”

Ndakati, “Nemoyo wangu wese, chiremba, ndinotenda shoko rose razvo.”

¹⁶² Chii ichocho? Akati, “Kubva ipapo, Kristu akareva zvakananyanya kwandiri. Nekuti, kuitira izvozvo mukadzi iyeye,”

akati, “raiva nenji. Hapana kupokana asi kuti vanhuwo zvavo vaisazozvitenda izvozvo, asi,” akati, “ndafunga, kungozviudza kwamuri, nekuti ndinoziva kuti makambova nezviitiko zvakadaro.”

Ndikati, “Hongu, changamire. Ndizvozvo,” ndakadaro.

¹⁶³ Ndinorangarira, apo, Mutsvene Martin, ndichiverenga nezvake. Paakanga achingori mu—mukomana, akadanwa naMwari. Vanhu vake vaiva vanamati vezvimupunzo. Uye baba vake vaive—vaive vakaita sekunge, oo, handichaziva, ndinofunga murume wechiuto, uye—uye zvakanaka kuti vanakomana vavo vavatevere. Akati. . . rimwe zuva achipfuura nemuguta imomo. Ndakanganwa kuti kwaive kupi zvino. Uye ndinofunga kuti akanga ari murume muFrench. Akati akanga achipfuura nepane mukaha; pakanga paine harahwa yakanga yakarara ipapo, ichitonhorwa zvekuda kufa, kunze kuchitonhora zvikuru. Uye vanhu vaipfuura nepo, havana kana chinhu chavaimupa. Ndokuti akamira. Uye vanhu vaizviti vatendi, uye vaitopfuura, vachisiya mutana uyu akarara ipapo. Zvino akanga achikumbira chimwe chinhu chekuti azviputire nacho, akati akanga ooma nechando zvokunge achafa.

¹⁶⁴ Zvino Mutsvene Martin ndokuendapo, asati atendeuka, zvino, akatora jasi rake, semusoja, ndokuricheka nepakati ndokuputira mutana anopemha uyu imomo saizvozvo, ndokuzviputira iye nerimwe racho. Vanhu vakamuseka, vachiti, “Musoja anotaridzika zvinosetsa, akapfeka chidimbu chejasi.” Munoono, zvinokuita kuti uite zvinhu zvisinganzwisike. Maari maiva nechimwe chinhu, chaitenda kuti kuna Mwari.

¹⁶⁵ Usiku ihwohwo, mushure mokunge aenda kunorara zvino ndokukotsira kwechinguva chishoma, akamuka. Mumwe munhu akamumutsa, ndokutarisa. Akamira ipapo pedyo nemubhedha wake, uye ipapo Jesu aive akamira akamonera chimwe chidimbu chiya chejasi. Ndiwo akava mavambo aMutsvene Martin.

¹⁶⁶ Chaiva chii? Akanga ane mhedziso, yokuti Shoko raMwari ndere chokwadi. “Zvamunoita kuvaduku vaNgu ava, munozviita kwaNdiri.” Hama, ndakasungirirwa kuMhedziso iyoyo. Uye ndinoziva kuti mumwe nomumwe wenyu. . .

¹⁶⁷ Panzvimbo yekudaidza vanhu kuaritari, mangwanani ano, ndinofunga ndinoda kuvadaidza kuzozvikumikidza. Ngatizvipirei pachedu kune Mhedziso iyi. Munotenda here kuti Shoko ndiro Mhedziso yaMwari? Munotenda here kuti ndiYe mumwe chete nhasi sezvaAkangogara ari?

¹⁶⁸ Mune vashumiri muno, hamungade here kuzvitsaurira hupenyu hwenyu, kungo, kungatora Mhedziso? Tinodei nhasi? Tinodei nekadhi reruwadzano kana chitupa? Tinoda Jesu Kristu. Hatina kusungirirwa kune kadhi reruwadzano. Isu takasungirirwa kuShoko raMwari, “Jesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.” Munozvitenda here?

¹⁶⁹ Ngatingosimukai netsoka dzedu zvino uye tizvitsaurire hupenyu hwedu zvakare. Ndinodawo hwangu, zvakare. Ndiri kuzvisungirira, patsva. Ndiri kutarisa chisungo changu, chipfundo chakasungwa. Ndiri kutarisa mhedziso yangu. “Ishe, kana muine chimwe chinhu mandiri, chisiri Shoko reNyu, chibuditsei. Hapana chimwe chandinodziva kunze kweNyu. Hapana chimwe chandinoda kuziva kunze kweNyu.” Zvino, mumwe nomumwe, nenzira yako.

¹⁷⁰ Ndanga ndichitaura nemi muvhiki rese. Ndakuudzai Chokwadi. Mwari vakasimbisa Chokwadi. Vakazviita ndokuzviitazve, vakazviita zvakare. Munodziva kuti Mhedziso chii. Zvino kwamuri neni, pamwe chete, imi mose madzimai, imi mose varume, vakomana, vasikana, chero zvamuri, ngati; imi mose kwaya, mose—mose vanhu vari kumusoro kuno, kwese-kwese, pamwe chete; zasi muimba yepasi, kumusoro mubharikoni, kupoterera madziro, kumashure munzvimbo iyo; chero patinenge tiri, ngatitorei Jesu, Mhedziso yedu, nokuti tinofanira kusvika pamipata yemumvuri worufu. Hapana chimwe chandinodziva kunze kwaKe. Ndiye Mhedziso yangu, nokuti Akamutswa muhupenyu hwangu uye ndinodziva kuti ndiYe wemazvirokwazvo.

¹⁷¹ Ngatingosimudzai maoko edu zvino tinamate. Ngatiite shumiro yedu yekuzvitsaura.

¹⁷² Ishe Jesu, Shoko reNyu rakabva kare, ndiRo mavambo nemagumo. Ini zvino, neungano ino, ndinodzvitsaura, patsva, papurupiti iyi nhasi. Ndinokumbirira chechi ino, yeLife Tabhenakeri, kuti itsaurirwe. Gadzirisai misiyano yese, yese ngaipere, zvakapfuura zvine zvakapfuura. Vashumiri veVhangeri, vari kunetseka... vachifunga kuti chimwe chinhu chaizoitika. O Mwari, tinodzvisunga, mangwanani ano, kuna Jesu Kristu Shoko; uye totsunga kusaziva chimwe chinhu kunze kwaKristu, uye naiYe akarovererwa pamuchinjikwa. O Nyeredzi yoKuchamhembe, O Mweya Mutsvene, O Kambasi yaMwari, huyai zvino mumoyo wose. Uye tinodzvitsaurira kwaMuri, nemuZita raJesu Kristu. Kubwinya kuna Mwari! Amen.

Zvakanaka, hama.



MHEDZISO SHO63-1201M
(An Absolute)

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Svondo mangwanani, Zvita 1, 1963, paLife Tabhenakeri muShreveport, Louisiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2022 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org